

11

Preparasyon pou Kolèj ak Siksè Apre Lekòl Segondè


LIS POU PARAN & FANMI Ede pitit ou atenn objektif akademik li!

METE ANFAZ sou nesese pitit ou genyen pou l kontinye travay byen lekòl

- Ede pitit ou defini objektif epi fè plan pou ane akademik la.
- Mete anfaiz sou enpòtans vin lekòl chak jou.
- Revize travay ak nòt pitit ou avèk li regilyèman.
- Sipòte pitit ou pandan w ap ede l adopte bon abitud pou etidye.

CHWAZI klas ki nesese

- Fè pitit ou seleksyone kou avèk konseye akademik la.
- Pale sou atant ou pou pwogrè akademik pitit ou.
- Pale ak konseye akademik pitit ou pou fè sèten li sou bòn vwa pou l gradye avèk posiblite pou l jwenn yon Bousdetid *Bright Futures*.



EDE pitit ou pou l aprann òganize l

- Revize etid pitit ou bezwen òganizasyonèl li epi fè nenpòt chanjman ki nesese.
- Konsidere ajoute yon lis aktivite pitit ou nan yon pòtfolyo/pòtfolyo elektwonik yon fason pou fasilite ranpli okonplè aplikasyon/rezime pou kolèj la.

EDE pitit ou prepare tès pou admisyon kolèj yo

- Eksplòre teknik preparasyon tès pou kolèj ak itilize resous pou fè pratik sou entènèt gratis tankou *Khan Academy* si se nesese.
- OTÒN: Fè pitit ou pran *PSAT/NSMQT* pou l kalifye pou bousdetid.
- IVÈ: Fè pitit ou pran tès pratik yo epi aprann ti teknik k ap ede l nan *SAT* oswa *ACT*.
- PRENTAN: Distri Lekòl la ofri tout elèv onzyèm ane yon *SAT* gratis pandan jounen lekòl la. Konsidere fè pitit ou a enskri pou pran *ACT* a oswa yon lòt *SAT* nan finisman prentan an oswa ete a pou ogmante nòt li. (Ekzanpsyon frè pou tès sa yo disponib si se nesese.)

SIPÒTE patisipasyon pitit ou

- Ankouraje patisipasyon pitit ou nan aktivite lekòl ak kominotè.
- Konsidere patisipasyon pitit ou nan òganizasyon volontè w sipòte.
- Panse avèk yon plan pou ete a kote pitit ou kapab kontinye aktivite kominotè li.

11

Preparasyon pou Kolèj ak Siksè Apre Lekòl Segondè LIS POU PARAN AK FANMI Ede pitit ou atenn objektif akademik li!

VEYE ak ki moun pitit ou pase tan li

- Konsidere yon gid oswa yon adilt ou fè konfyans avèk ki pitit ou kapab pale.
- Rekonèt epi konplimante aksyon ak konpòtman pozitif pitit ou.

EDE pitit ou fè bon chwa!


- Kontwole medya sosyal yo epi diskite enpòtans anprent dijital pitit ou, paske fiti anplwayè w avèk kolèj yo kapab gade sa w fè sou entènèt la.
- Diskite konsekans konpòtman riske tankou bwe alkòl ak pran dwòg, eltr.

EDE pitit ou ekzamine chwa karyè ak kolèj yo

- Fè rechèch sou diferan kolèj ak opsyon sou karyè epi ale nan ekspozisyon kolèj yo.
- Kreye yon lis kolèj ou ta renmen enkli domèn espesyal, kote yo ye, frè ekolaj ak kondisyon pou admisyon.
- Fè yon lis sou dat limit aplikasyon pou chak kolèj pitit ou a enterese.
- Vizite kolèj premye chwa w yo. Mande pou fè yon vizit epi jwenn repons pou kesyon w yo.
- Eksplòre pwogram fòmasyon yo ansanm avèk opòtinite pou enskri nan domèn pratik ki kapab ofri sètifika pou karyè.

APRANN fason pou peye pou Edikasyon apre Lekòl Segondè

- Pale avèk yon konseye akademik oswa yon ofisyèl nan kolèj la sou èd finansye. Eksplòre bousdetid ki disponib sou entènèt.
- Gade chak kolèj pou wè ki montan ekolaj ak frè yo ap rive.
- Ranpli *FAFSA4Caster* (*Federal Application for Student Aid Forecaster*) pou w estime ki montan èd finansye ou kapab resevwa.
- Ouvri epi depoze lajan regilyèman nan yon kont bank. Fè pitit ou kontribye nan kont la tou avèk lajan l fè nan gadri apre lekòl oswa djòb granvakans.



Edikasyon Apre Lekòl
Segondè pa Chè!

Adapte de "*Oregon goes To College*"